दिन–मंगलवार दिनांक–28.05.2024

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

भाजपाक वरिष्ठ नेता आ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कांग्रेस पार्टी पर आरक्षणक नाम पर भोट बैंकक राजनीति करबाक आरोप लगौलनि अछि। एक समाचार एजेंसी के देल गेल साक्षात्कार मे ओ कहलनि जे विपक्ष वोट बैंकक राजनीति लेल भारतक संविधानक मूल भावनाक उल्लंघन कऽ रहल अछि। ओ कहलनि जे अनुसूचित जाति, अनुसूचित जनजाति आ आनो पछड़ल वर्ग के ई जनेबाक होयत कि विपक्ष हुनका धोखा दऽ रहल अछि। श्री मोदी कहलनि जे ओ एहि समुदायक लोक सभक अधिकारक रक्षा लेल लड़ताह।

---

लोकसभा चुनावक सातम आ अंतिम चरण लेल प्रचार जोर–शोर सँ भऽ रहल अछि। एहि चरण मे प्रदेशक आठ संसदीय क्षेत्र– नालंदा, पाटलिपुत्र, पटना साहिब, आरा, बक्सर, सासाराम, काराकाट आ जहानाबाद सीट पर एक जून के मतदान हेबाक अछि। विभिन्न राजनीतिक दलक नेता आ स्टार प्रचारक लोकनि अपन–अपन उम्मीदवारक समर्थन मे लोक सभ के गोलबंद करबाक लेल चुनावी सभा रैली आ रोड़–शो कऽ रहल छथि। भाजपाक वरिष्ठ नेता आ उत्तर प्रदेशक मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आइ पाटलिपुत्रक दीघा आ पटना साहिबक फतुहा लोकसभा निर्वाचन क्षेत्र मे एक के बाद एक तीन रैली के संबोधित कयलनि। ओतहि, जदयूक अध्यक्ष आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार नालंदा संसदीय क्षेत्रक अस्थावां मे एक जनसभा के संबोधित कयलनि। श्री कुमार सरमेरा सँ नगरनौसा धरि एक रोड़–शो सेहो कयलनि। राजद नेता तेजस्वी प्रसाद यादव आइ बक्सर सासाराम जहानाबाद आ पाटलिपुत्र निर्वाचन क्षेत्र मे कतेको जनसभा कयलनि। विकासशील इंसान पार्टीक प्रमुख मुकेश सहनी सेहो इंडी गठबंधनक उम्मीदवारक समर्थन मे रैली के संबोधित कयलनि। ओम्हर, भोजपुरी कलाकार आ गायक खेसारी लाल यादव आइ काराकाट संसदीय क्षेत्र सँ निर्दलीय प्रत्याशी आ अभिनेता पवन सिंहक समर्थन मे चुनावी सभा के संबोधित कयलनि।

---

एक जून के सातम चरणक मतदानक संगहि आम चुनावक सभ चरण पूरा भऽ जायत। जाहि क्षेत्र सभ मे मतदान संपन्न भऽ गेल अछि, ओहिठाम चारि जून के होबयवला मतगणनाक तैयारी शुरू कऽ देल गेल अछि। समस्तीपुर संसदीय क्षेत्र आ उजियारपुर संसदीय क्षेत्र लेल समस्तीपुर कॉलेज परिसर मे मतगणना केन्द्र बानाओल गेल अछि। मधुबनी आ झंझारपुर संसदीय क्षेत्र लेल आर. के. कॉलेज मे मतगणना होयत। एहि सभ केन्द्र पर मतगणना कर्मी लोकनि के प्रशिक्षण देल जा रहल अछि।

---

पटना मे लॉ कॉलेजक छात्र हर्ष राजक निर्मम हत्याक विरोध मे आइ छात्र लोकनि पटनाक कारगिल चौक पर आक्रोशपूर्ण प्रदर्शन कयलनि। प्रदर्शनक कारणे अशोक राजपथ पर यातायात प्रभावित भेल। एम्हर, पटना विश्वविद्यालय मे तनाव के देखैत सभ परीक्षा स्थगित कऽ देल गेल अछि। अगिला आदेश धरि विश्वविद्यालय आ एकर अंतर्गत कॉलेज सभ मे छुट्टी घोषित कऽ देल गेल अछि। एम्हर, पटना पुलिस एहि मामिलाक उद्भेदन करबाक दावा कयलक अछि। सीटी एसपी पूर्वी भरत सोनी कहलनि अछि जे हत्याकांडक मुख्य सरगना कुख्यात अपराधी चंदन कुमार के गिरफ्तार कऽ लेल गेल अछि। आनो अपराधीक गिरफ्तारी लेल छपामारी कयल जा रहल अछि।

---

राजधानी पटना समेत प्रदेशक अधिकांश क्षेत्र भीषण गर्मीक चपेट मे अछि। विभिन्न जिला मे पारा चालीस डिग्री सेल्सियस सँ ऊपर दर्ज कयल जा रहल अछि। आइ औरंगाबाद मे छियालीस डिग्री तापमान रिकॉर्ड कयल गेल। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे प्रदेशक उत्तर–पश्चिम, दक्षिण–पश्चिम, दक्षिण–मध्य आ दक्षिण–पूर्व भाग मे दू जून धरि गर्मीक प्रकोप जारी रहत। एहि क्रम मे सीतामढ़ी, मधुबनी, दरभंगा, बक्सर, औरंगाबाद, गया आ भभुआ समेत विभिन्न स्थान पर लू चलबाक संभावना बनि सकैत अछि। दोसर दिस प्रदेशक उत्तर–मध्य आ उत्तर–पूर्व भाग मे किछु ठाम आंशिक बरखा हेबाक संभावना अछि।

---

मुजफ्फरपुरक साही लीची के देशक कोना–कोना धरि पहुँचेबाक संगहि भारतीय रेलवे लाभक काज कऽ रहल अछि। साही लीची के विभिन्न शहर धरि पहुँचेबाक लेल सोनपुर रेल मंडल एकैस मई धरि सोलह सय पच्चीस क्विंटल लीचीक ढोआई कयलक अछि। एहि सँ रेलवे के करीब सात लाख टाका राजस्व प्राप्त भऽ चुकल अछि।

---

मधुबनी जिलाक जयनगर प्रखंड क्षेत्रक बेलही पूरबी पंचायतक पीडीएस विक्रेता लीला देवी पर प्राथमिकी दर्ज कराओल गेल अछि। आदेशक अवहेलनाक मामिला के लऽकऽ ई प्राथमिकी आपूर्ति पदाधिकारी द्वारा कराओल गेल अछि।

सहरसा जिलाक सौर बाजार थाना पुलिस एक युवक के दू देशी कट्टा संग गिरफ्तार कयलक अछि।

---

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।